Deklarasyon sou Sèman Rezidans
pou Lekòl Piblik Somerville

Enstriksyon:
Nenpòt moun k ap fè demann pou enskri yon elèv nan Lekòl Piblik Somerville yo ki pa kapab prezante yon tit pwopriyete, yon relevé ipotèk oswa yon kontra lwaye sou non pa li dwe mande **pwopriyetè kay la** oswa **moun ki sou kontra lwaye a*** kote li abite a pou ranpli fòm sa a.
***** *Moun ki lwe apatman an epi ki pa paran oswa responsab legal elèv la.*

Anplis de sa, yon notè dwe siyen epi mete so li sou deklarasyon sou sèman sa a. Ou dwe remèt li ansanm ak youn nan dokiman ki nan lis anba a.

Si ou se **pwopriyetè kay la** oswa **moun ki lwe kay la**, ou dwe prezante youn nan dokiman sa yo, ki dwe gen yon dat ki te soti nan 60 dènye jou yo: ☐ Relevé ipotèk ☐ Fakti taks ☐ Kontra lwaye aktyèl ☐ Fakti sèvis piblik (*televizyon pa kab oswa satelit, elektrisite, gaz oswa mazout, ak dlo).*

Mwen , _____ se pwopriyetè kay la oswa lokatè kay ki nan adrès sa a:
Ekri Non Pwopriyetè oswa Lokatè Kay la

_____ nan vil Somerville.
Ekri Adrès Kote Paran an Abite a

_____, ki se paran oswa gadyen legal.
Ekri Non Paran oswa Gadyen Legal la

_____ ap viv nan adrès sa a san yon kontra lwaye alekri.
Ekri Non Elèv la

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen rekonèt epi mwen dakò ak kondisyon sa yo:

- Mwen dakò pou moun ki responsab prezans elèv nan Lekòl Piblik Somerville yo tcheke enfòmasyon ki nan deklarasyon sou sèman sa a nenpòt ki lè.
- Pou yon elèv kapab ale nan **Lekòl Piblik Somerville yo**, li dwe abite nan vil Somerville. Yo konsidere adrès kote paran oswa gadyen legal ki gen gad fizik timoun nan abite prensipalman kòm adrès legal timoun nan. Nenpòt elèv yo jwenn ki pa abite nan vil Somerville pap kapab kontinye ale nan Lekòl Piblik Somerville yo.
- Mwen dakò ke si Lekòl Piblik Somerville yo fè yon ankèt epi yo jwenn deklarasyon sa yo pa vre, mwen ka oblije ranbouse Lekòl Piblik Somerville yo pou nenpòt frè lekòl oswa depans edikasyon ki gen rapò ak timoun ki mansyone pi wo a.

Mwen siyen dokiman sa a sou sèman, avèk konpreyansyon ke mwen ka sibi sanksyon lalwa si mwen bay fo enfòmasyon. Mwen dwe prezante yon pyès idantite valab ki gen foto mwen pou notè a ka otantifye dokiman an.

_____ _____
Siyati Paran/Gadyen Legal la **Siyati Pwopriyetè/Lokatè Kay la**

Dat: _____ **Nimewo Telefòn:** _____

Dat: _____

Pou Notè a: Moun nan te fè sèman devan mwen nan dat _____ mwa _____20_____

_____
Siyati Notè Piblik la